Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN KANPAY KÒLÈK JWÈT, MANTO AK MATERYÈL ESKOLÈ KI POU BENEFISYE NOUYÒKÈ KI NAN BEZWEN YO

Kanpay la ap kòmanse 9 desanm nan tout eta a

Y ap aksepte pake ki ekspedye yo nan Empire State Plaza

Flayè pou kanpay jwèt la disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kanpay anyèl don pou sezon fèt la nan tout eta a pou benefisye fanmi ki gen bezwen nan New York yo pral kòmanse 9 desanm. Yo ap chèche don nouvo jwèt ki pa vlope, manto ak materyèl eskolè pou kapab asiste òganizasyon ki baze sou kominote yo pandan sezon don fèt lan.

"Kounye a plis ke jamè, li enpòtan pou Nouyòkè yo voye je youn sou lòt pandan sezon fèt la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan pandemi an rive nan Ouragan Ida, kamarad Nouyòkè nou yo te eksperimante tèlman difikilte ane sa epi se poutèt sa nou tout dwe mete ansanm pou voye je sou sila yo ki gen mwens chans pami nou yo. Mwen ankouraje chak Nouyòkè ki gen mwayen pou fè sa pou fè yon don nan Kanpay Anyèl Jwèt ak Manto New York la, mete souri sou vizaj timoun atravè Eta a epi ede yo pase yo sezon fèt nan chalè, kè kontan."

Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) la te etabli lokal livrezon yo atravè eta a kote biznis ak moun yo kapab pote nouvo jwèt ki pa vlope, manto ak materyèl eskolè, ke yo pral distribiye bay fanmi yo ki nan kominote defavorize yo toupatou nan eta New York. Pwotokòl COVID-19 yo ap anplas pou asire sekirite moun k ap depoze don yo ki enkli distans sosyal, ak aksè pou dezenfektan pou men. Mask yo obligatwa.

Men lokal livrezon yo:

- Alfred E. Smith Building, 80 South Swan Street, Albany
- Empire State Plaza Main Concourse, Empire State Plaza, Albany
- Corning Tower, Empire State Plaza, Albany
- Agency Buildings 1,2,3,4 - Empire State Plaza, Albany
- Robert Abrams Building for Law and Justice Empire State Plaza, Albany
- Swan Street Building, Core 2 ak Core 3, Empire State Plaza, Albany

- Harriman Campus Buildings 5, 6, 7, 7A, 8, 12 Harriman Campus, 1220 Washington Avenue, Albany
- Ten Eyck Building, 40 North Pearl Street, Albany
- 50 Wolf Road, Albany
- 625 Broadway, Albany
- Hampton Plaza, 38-40 State Street, Albany
- 44 Holland Avenue, Albany
- 328 State Street, Schenectady
- Senator John J. Hughes State Office Building, 333 E. Washington Street, Syracuse
- Dulles State Office Building, 317 Washington Street, Watertown
- Utica State Office Building, 207 Genesee Street, Utica
- Eleanor Roosevelt State Office Building, 4 Burnett Boulevard, Poughkeepsie
- Henderson-Smith State Office Building, 107 Broadway, Hornell
- Binghamton State Office Building, 44 Hawley Street, Binghamton
- NYS State Police, 1155 Scottsville Road, Rochester
- Homer Folks Facility, 28 Hill Street, Oneonta
- Electric Tower, 535 Washington Street, Buffalo
- Perry B. Duryea State Office Building, 250 Veterans Memorial Highway, Hauppauge
- Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building, 163 West 125th Street, New York City
- Shirley A. Chisholm State Office Building, 55 Hanson Place, Brooklyn

Ou ka ekspedye pake ou kòmande anliy yo nan kote sa yo:

Empire State Plaza
P1 South Dock J
Albany, New York 12242
NYS Holiday Drive

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU